



## Kesyon sou TPS pou Ayiti

Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS) se yon pwoteksyon imigrasyon tanporè ki pèmèt kèk moun rete Ozetazini si li pa an sekirite pou yo retounen nan peyi yo. Moun ki fè demann pou TPS ka aplike tou pou yon pèmi travay. Ou ka jwenn enfòmasyon gouvènman an ak enstriksyon pou TPS ayisyen an sou [uscis.gov/TPS](https://uscis.gov/TPS)

### **Kisa dènye anons sou TPS pou Ayiti vle di pou mwen?**



Si ou se Ayisyen (oswa ou pa gen nasyonalite e dènye kote ou te abite se te Ayiti), e ou poko fè demann pou TPS, anons sa a vle di ou ka fè demann pou TPS ak yon pèmi travay, depi ou te antre Ozetazini anvan 3 Jen 2024.

**Si ou deja gen TPS, ou dwe renouvle TPS ou anvan 30 out 2024 pou evite pèdi estati ou ak pèmi travay ou.**

### **Èske mwen ka fè demann pou TPS si mwen gen pèmi pwovizwa (parole) ak/oswa si mwen vle fè demann pou azil?**

Si ou te antre ak pèmi pwovizwa (parole), ou ka toujou fè demann pou TPS. Si ou deja fè demann pou azil oswa ou vle fè demann pou azil, ou ka toujou fè demann pou TPS. Nou ankouraje ou pale ak yon avoka sou opsyon ou yo.

### **Kisa mwen dwe fè si mwen deja fè demann pou TPS men mwen poko resevwa yon avi apwobasyon oswa pèmi travay mwen?**

oSi ou te fè demann e dosye ou toujou annatant apati 1ye Jiyè 2024 (sa vle di ou poko resevwa yon avi apwobasyon), ou pa bezwen fè demann ankò. Si dosye ou a apwouve, ou pral resevwa TPS ak yon pèmi travay (si ou te soumèt aplikasyon ki koresponn yo) ki valab jiska 3 Fevriye 2026.



# Kesyon sou TPS pou Ayiti



**Pèmi travay mwen deja ekspire (oswa pral ekspire byento) e mwen pa kwè nouvo pèmi mwen an ap vini a tan, kisa mwen dwe fè?**

- Pèmi travay, ki gen dat ekspirasyon ant 2017 a 2024 ak kòd kategori A-12 oswa C-19, yo otomatikman pwolonje pou moun ki benefisyè TPS ki soti an Ayiti e yo valab jiska 3 Out 2025. Si ou gen yon pèmi travay konsa, ou gen dwa travay jiska 3 Out 2025.
  - Pou kapab travay apre 3 Out 2025, moun ki genyen pèmi travay sa yo dwe fè demann pou renouvle yo.
  - Kèk benefisyè TPS Ayiti ka kalifye tou pou yon pwolongasyon 540 jou si yo satisfè kritè yo diskite nan [manyèl USCIS pou anplwayè yo](#)
- Si pèmi travay ou pwolonje otomatikman jiska 3 Out 2025, epi yon anplwayè p ap anboche w oswa pèmèt ou kontinye travay paske pèmi travay ou parèt ekspire, ou ka rele [lij dirèk gratis](#) Depatman Jistis Imigran ak Seksyon Dwa Anplwaye a nan 1-800-255-7688 pou asistans.



## Ki dokiman mwen pral bezwen?

Pou yon pati nan aplikasyon w lan, w ap bezwen dokiman pou pwouve:

- Ou se yon nasyonal/sitwayen an Ayiti (oswa ou pa gen nasyonalite epi dènye kote ou te abite se te Ayiti)
  - Ou te Ozetazini kontinyèlman depi 3 Jen 2024
- Sa ka enkli bòdwo sèvis piblik yo, bòdwo telefòn selilè, dokiman antre, resi, deklarasyon labank, lèt konpayi, lekòl, lopital oswa dosye medikal. (Dokiman yo ta dwe gen dat ki reflekte tout tan ou pase Ozetazini.)



# Kesyon sou TPS pou Ayiti

## Èske gen yon frè pou fè demann pou TPS?



**Wi.** Aplikan pou premye fwa yo pral bezwen peye pou aplikasyon TPS la (\$80) ansanm ak aplikasyon pou pèmi travay yo. Moun ki deja gen TPS ap sèlman bezwen peye pou renouvèlman pèmi travay yo. Aplikasyon pou pèmi travay jeneralman koute \$470 si yo fèt sou entènèt e \$520 pou yon aplikasyon papye.

*Gen yon egzansyon frè ki disponib pou moun ki ka demontre nesesite finansye lè yo montre yo ap viv nan yonabri, resevwa benefis piblik, oswa yo ap travèse difikilte finansye.*



**1-800-354-0365**

Ou ka jwenn èd legal lè w rele Liy Sèvis Legal Imigrasyon MOIA, Lendi rive Vandredi ant 9 a.m. ak 6 p.m.



## **PRAN PREKOSYON AK MAGOUY NAN ZAFÈ LEGAL IMIGRASYON AK MOUN KI FÈ FWOD**

- **Sonje:** Se sèlman yon avoka ki gen lisans oswa yon Repezantan Akredite DOJ ki ka soumèt aplikasyon yo sou non ou.
- Yon notè piblik ki pa yon avoka lisansye pa ka ranpli fòm sa yo oswa soumèt yo sou non ou. Yo pa ka tou fè w peye pou fè papye imigrasyon ou yo.



**Lwa sou imigrasyon konplike. Pran prekosyon ak magouy nan zafè legal imigrasyon oswa founisè fwodile ki ka di w lòt bagay epi bay fo pwomès, tankou:**

- Yon fason pou jwenn yon pèmi travay oswa yon viza imedyatman
- Deklarasyon ki endike ke pa gen okenn risk oswa konsekans.
- Reklamasyon ki di yo gen enfliyans espesyal ak otorite imigrasyon yo.